

KESYON PARAN POZE SOUVAN KONSÈNAN EGZAMEN LANG E LITERATI ANGLE AK EGZAMEN MATEMATIK CHAK ANE POU KLAS 3YÈM RIVE 8YÈM ANE NAN ETA NEW YORK

1. Poukisa nou gen yon egzamen chak ane nan tout Eta a?

- Yo bay Egzamen Lang e Literati Angle (ELA, English Language Arts) ak Egzamen Matematik chak ane nan Eta New York nan Klas 3yèm rive 8yèm Ane pou mezire nan ki degre elèv yo metrize nòm aprantisaj ki gide ansèyman nan klas yo epi ede asire elèv yo sou bon wout pou gradye nan lekòl segondè avèk kapasite pou analize ak evalye yon pwoblèm pou pote yon jijman (panse kritik), kapasite pou rezoud pwoblèm, ak kapasite pou rezonman ki nesèsè pou siksès alèkile nan sosyete a.
- Lwa federal 2015 Tout Elèv Reyisi a (Every Student Succeeds Act) egzije pou evalye elèv ki nan klas 3yèm rive 8yèm Ane yon fwa chak ane nan ELA ak matematik. Lòt egzamen nan syans obligatwa yon fwa nan lekòl primè ak yon fwa nan lekòl presegondè.
- Pandan plizyè deseni, elèv Eta New York yo pran egzamen Eta yo. Depi yo te vin adopte pi gwo nòm aprantisaj an 2010, pa gen egzamen Eta obligatwa anplis yo te mete anplas pou elèv yo.

2. Kilè yo pral bay Egzamen ELA ak Matematik 2017 yo pou Klas 3yèm rive 8yèm Ane?

- An 2017, yo pral bay ELA soti 28 rive 30 mas, epi Matematik soti 2 rive 4 me.
- Dat egzamen yo ka yon ti jan diferan pou distri k ap bay egzamen yo sou konpitè: peryòd egzamen an pral soti 27 mas rive 3 avril pou ELA epi soti 1mye rive 8 me pou Matematik. Distri k ap patisipe nan CBT yo pral chwazi pou pi plis twa jou pandan peryòd sa yo pou bay egzamen yo.
- Gen dat egzamen ratrapaj pou elèv ki absan nan jou egzamen yo.

3. Kisa Egzamen sou Konpitè yo ye?

- Egzamen sou konpitè yo se egzamen yo bay sou yon konpitè, tablèt, oswa Chromebook. Sètadi, elèv yo pran egzamen an sou yon konpitè olye yo sèvi avèk kreyon ak papye.
- Depatman Edikasyon Eta a (Depatman an) ap ede distri yo chanje pou adopte egzamen sou konpitè (Computer-Based Testing, CBT). Nan sezon prentan sa a, sèten distri te chwazi pou patisipe nan CBT pou Egzamen ELA ak Matematik 2017 yo pou Klas 3yèm rive 8yèm Ane. *Egzamen sou konpitè yo ak egzamen sou papye yo gen menm egzamen yo. Sèl diferans ki genyen sèke elèv ki pran egzamen yo sou konpitè pral klike ti wonn pou reponn epi tape repons yo olye yo sèvi avèk yon kreyon pou plen yon ti wonn pou reponn oswa ekri yon repons alamen.*
- Depatman an planifye fè lòt distri itilize CBT ane pwochèn. Nan yon tan pi long, plan an se pou fè tout distri sèvi ak CBT pou egzamen chak ane Eta a.

4. Ki kalite kesyon yo mande nan egzamen yo?

- Fòm egzamen sou papye yo ak fòm sou konpitè yo gen ladan ni kesyon chwa miltip ni kesyon ki pa gen repons ki fikse davans, ki evalye nòm aprantisaj nan nivo klas yo. Kesyon yo mande pou elèv yo aplike konsepsyon yo epi eksplike rezonman yo. Elèv yo pase tan nan lekti tèks konplike, ekri repons ki byen reflechi, ak rezoud pwoblèm mo nan reyalyte a, epi tout bagay sa yo bay fondasyon pou konpetans ki nesèsè pou pratik ak metrize pou reyisi nan kolèj ak nan karyè yo.
- Nan dènye sezon prentan an, Depatman an te pibliye 75 pousan kesyon egzamen nan egzamen 2016 yo – plis kesyon ki janm pibliye anvan pou pwogram egzamen sa a. Ou kapab wè [kesyon ane 2016 yo](https://www.engageny.org/3-8) nan EngageNY (<https://www.engageny.org/3-8>).
- Egzamen 2017 yo ap gen menm kantite kesyon ak egzamen 2016 yo. Konpare ak ane anvan yo, chak egzamen 2016 yo te gen mwens kesyon egzamen nan ni ELA ni nan matematik.

5. Poukisa li enpòtan pou timoun mwen an fè egzamen sa yo?

- Egzamen sa yo bay pwofesè yo ak lekòl yo enfòmasyon yo ka itilize pou gide ansèyman ak planifye klas yo epi ede yo konprann ki kantite pwogrè elèv yo ap fè nan konpetans ak konsèp yo ap anseye nan salklas la.
- Rezilta egzamen yo ede idantifye tou twou vid ki genyen nan ranman nan pami divès kalite gwoup elèv. San yon gwo patisipasyon nan egzamen yo, li pi difisil pou dirijan lekòl ak distri yo konprann twou vid sa yo epi bay sipò ak resous pou elèv ki bezwen yo.

6. Èske Moun k ap aprann Angle ki nouvo Ozetazini pran Egzamen ELA Klas 3yèm rive 8yèm Ane yo?

- Politik nan Depatman an kounye a, annakò ak Lwa federal, se pou egzante sèlman pou Egzamen ELA Klas 3yèm rive 8yèm Ane 2017 yo moun k ap aprann Angle (ankontan moun ki soti Pòtoriko yo) ki, nan dat 27 mas 2017, te nan lekòl Ozetazini pou premye fwa pandan mwens pase yon ane.
- Lekòl yo ka sèvi ak Egzamen Eta New York pou Evalye Elèv k ap Aprann Angle kòm Dezyèm Lang (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT) nan plas Egzamen ELA Klas 3yèm rive 8yèm Ane 2017 yo, pou ranpli egzijans patisipasyon sèlman, pou moun k ap aprann Angle ki vini nan peyi a tou resaman.
- Yo atann pou tout lòt elèv k ap aprann Angle yo patisipe nan Egzamen ELA Klas 3yèm rive 8yèm Ane 2017 yo, ansanm ak nan NYSESLAT tou.

7. Èske gen aranjman pou egzamen pou elèv ki gen andikap yo?

- Wi, aranjman pou egzamen yo se chanjman yo fè nan fason yo bay egzamen an pou retire baryè yon elèv andikape genyen nan pwosesis pou pran egzamen an san diminye sa yo atann pou li aprann. Se Komite sou Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) oswa Komite Seksyon 504 ki rekòmande aranjman espesyal pou egzamen pou chak elèv apa dapre bezwen elèv la prezizeman.
- Aranjman pou egzamen yo dwe ekri nan Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) elèv yo oswa plan Seksyon 504 yo epi yo ka konsènen: posiblite pou adapte orè/kantite tan (pa egzanzp, pwolonje tan pou yon egzamen); posiblite pou adapte anviwònman egzamen an (pa egzanzp, egzamen nan yon kote apa); chanjman nan prezantasyon egzamen an (pa egzanzp, gwo karaktè); ak chanjman nan metòd repons (pa egzanzp, sèvi ak yon moun pou ekri pou repons alekri yo).
- Direktè yo responsab asire yo mete aranjman pou elèv andikape yo nan tout egzamen Eta ak egzamen lokal yo annakò avèk rekòmandasyon ki nan IEP a/ plan Seksyon 504 la konfòmman ak règleman Depatman an.

8. Ki enfòmasyon mwen pral jwenn nan rapò nòt timoun mwen an?

- Rezilta evalyasyon chak ane yo ba ou enfòmasyon sou pwogrè timoun ou an ak sa li reyalize nan lekòl. Ou pral kapab wè reyalizasyon timoun ou an konpare ak lòt elèv toupatou nan Eta a. Rapò nòt yo ap pare pandan ete a.
- Apa yon sistèm mezi jeneral ke li bay pou nòt ak nivo pèfòmans, ni rapò ELA a ni rapò matematik la montre ki nòt timoun ou an fè nan domèn konpetans ak konsèp presi. Pa egzanzp, rapò ELA a bay nòt pou ni lekti ni ekriti; rapò matematik la bay nòt pou konsèp kle nan matematik pou nivo klas la. Enfòmasyon sa yo ede pwofesè timoun ou an konprann kikote timoun ou an ap travay byen ak kikote li bezwen plis sipò.
- Yo te refè plan rapò nòt pou paran yo an 2016 pou yo plis itil ak pou paran ka konprann yo plis.

9. Kijan yo pral itilize nòt timoun mwen an?

- Ou kapab sèvi ak nòt timoun ou an pou gide yon chita pale ak pwofesè timoun ou an sou sipò anplis ki kapab nesèsè nan klas la, ansanm ak lòt fason ou kapab bay sipò tou pou timoun ou an aprann lakay ou.
- Nòt yo kapab sèvi tou pou wè ki pwogrè lekòl yo, distri yo, ak Eta a ap fè nan nòm aprantisaj New York yo.
- Lwa Eta a ak règleman Komisyonè Edikasyon Eta a entèdi distri lekòl yo pran desizyon sou pwomosyon oswa plasman baze sèlman osinon baze sitou sou rannman elèv nan Egzamen ELA ak Matematik pou Klas 3yèm rive 8yèm Ane yo. Yo pa itilize nòt yo pou kounye a pou evalye pwofesè yo nan yon fason ofisyèl.

10. E si timoun mwen an te travay byen dapre kanè li, men li pa te travay byen menm jan nan egzamen Eta yo?

- Egzamen chak ane yo, se youn sèlman nan plizyè mezi yo itilize pou evalye rannman timoun ou an nan lekòl epi yo reprezante yon rapò nan yon moman presi.
- Nòt kanè yo se ajoutman ofiramezi epi yo baze sou anpil faktè, tankou patisipasyon nan klas, devwa, prezans, ti egzamen rapid, egzamen, ak lòt aktivite ansèyman, epi yo tout enpòtan pou detèmine siksè akademik yon timoun, men yo pa parèt nan rezilta egzamen Eta chak ane yo.

11. Konbyen tan egzamen yo dire?

- Egzamen ELA ak Matematik yo, yo bay chak nan yo sou yon peryòd twa jou. Yo kalkile apeprè ke elèv ki nan Klas 3yèm ak 4yèm Ane ap pase apeprè 60 a 70 minit nan egzamen an chak jou, alòske elèv ki nan klas 5yèm rive 8yèm Ane ap pase apeprè 80 a 90 minit nan egzamen yo chak jou. Anjeneral, egzamen yo pran mwens pase 1 pousan nan kantite tan total yon elèv pase nan klas chak ane.
- Men, piske egzamen 2017 yo pa pral gen limit tan, kantite tan egzamen pou pran egzamen an ap varye ant elèv yo. Egzamen 2016 yo pa te gen limit tan nonplis.

12. Kijan pwofesè Eta New York yo patisipe nan pwosesis devlopman egzamen an?

- Pwofesè Eta New York yo fè revizyon epi apwouve chak pasaj ak kesyon nan Egzamen ELA ak Matematik pou Klas 3yèm rive 8yèm Ane yo.
- Pandan devlopman egzamen an, pwofesè ki soti toupatou nan Eta a te reyini nan Albany plizyè fwa pou evalye ak chwazi kesyon yo pou egzamen 2017 yo. 22 edikatè omwen te revize chak kesyon nan egzamen 2017 yo.
- Depi 2016, pwofesè Eta New York yo patisipe nan ekri kesyon egzamen pou pi devan yo. Kesyon sa yo pral parèt pou premye fwa nan egzamen 2018 yo.

13. Ki lòt bagay k ap fèt pou amelyore pwogram egzamen an?

- Pwofesè Eta New York yo pral kontinye patisipe anpil nan devlopman egzamen pou pi devan yo pou asire yo koresponn depre avèk aktivite nan klas ak nòm aprantisaj Eta a.
- Depatman an ap ede plis distri chanje pou adopte egzamen sou konpitè, sa ki pral vin fè rezilta yo disponib pi rapid.
- Tankou an 2016, Depatman Edikasyon an pral pibliye 75 pousan nan kesyon egzamen yo epi tounen rapò ansèyman yo ba pwofesè yo anvan fen ane lekòl la.